

## Fason pou kliyan yo rapòte chanjman adrès bay DCF

Asistan Vityèl la disponib sou tout paj entènèt ACCESS oswa ESS ki PA kont MyACCESS lan ni pòtay sèvis lib la (Self-Service Portal, SSP).

Paj Dakèy Oto-Sifizans Ekonomik

<https://www.myflfamilies.com/service-programs/access/>

Paj Aplike pou Èd

<https://www.myflorida.com/accessflorida/>

De paj prensipal yo ki anwo a pi fasil pou kliyan yo jwenn.

Kliyan ki vle chanje adrès yo avèk èd Asistan Vityèl la dwe mete sèten enfòmasyon pèsònèl toudabò. Sa se fason nou lokalize kliyan an nan sistèm nou an epi valide adrès aktyèl la.

1. Kliyan an pral chwazi lang li prefere a. (Anglè, Panyòl oswa Kreyòl).
2. Chwazi “Enfòmasyon Mwen yo” nan meni opsyon yo.
3. Valide enfòmasyon pèsònèl (etap en)-Dat Nesans.
4. Valide enfòmasyon pèsònèl (etap de)- SSN oswa Nimewo Aplikasyon
5. (Nou mete SSN pou egzanp sa a)
6. Chwazi “Fè mizajou adrès mwen” nan opsyon ki disponib yo on fwa idantite a valide.
7. Chwazi si adrès rezidansyèl ak adrès postal yo menm oswa si yo diferan. Si yo diferan, kliyan an ka chwazi pou modifye youn, lòt la, oswa toude. Nan egzanp sa a, se menm yo ye
8. Sistèm lan ap montre adrès DCF genyen nan dosye pou kliyan an. Endike si se adrès sa a li vle mete ajou.



9. Mete adrès ri a.
10. Mete nimewo apatman, suite, inite oswa nimewo 'lot' Oswa chwazi "okenn" si pa gen youn.
11. Antre yon kòd postal 5 chif. Sistèm lan pral valide adrès ki te antre a nan Sèvis Postal Etazini. Si yo jwenn yon adrès ki valab, sistèm lan ap afiche adrès la, sinon etap ki annapre yo ap rive.
12. Mete vil la.
13. Mete Eta a.
14. Sistèm lan ap afiche adrès ki te antre a. Konfime si sa kòrèk oswa si li pa kòrèk.
15. Sistèm lan pral valide adrès ki te antre a nan Sèvis Postal Etazini. Si adrès ki antre a valide, yon mesaj konfimasyon ap parèt.
16. Reponn "Wi" oswa "Non" pou fini ak chanjman adrès la. Si adrès la pa valide nan Sèvis Postal Etazini, yon mesaj ap parèt.
17. Chwazi korije adrès la oswa anile chanjman an.
18. Yon mesaj konfimasyon parèt.
19. Sistèm lan ofri posiblite pou fè lòt chanjman. Si yon adrès chanje, souvan depans tankou lwaye/ipotèk, elatriye chanje tou. Sa kapab gen enpak sou avantaj SNAP yo.

Ajan yo disponib 7am jiska  
6pm Lendi jiska Vandredi

**1-886-762-2237**

oswa

**850-300-433**

---

Relè Florid 711 oswa

**TTY 1-800-955-8771**